

Kategori: **ELÈV**

Pibliye :
21/08/2013

Nimewo : **A-240**

Sijè: REZON POU FÈMEN DOSYE ELÈV

Paj : 1 nan 1

REZIME CHANJMAN YO

Règleman an etabli rezon valab pou transfere ak ranvwaye elèv. Li ranplase Règleman Chanselye A-240- ki gen dat 5 septanm 2000.

Chanjman:

- Fè distenksyon an Transfè ak Ranvwa (p. 1, §§ I-II).
- Li efase seksyon ki te la avan an ki gen tit "Verifikasyon pou rezon ranvwa"; li ajoute obligasyon verifikasyon rezon pou ranvwa nan deskripsyon chak ranvwa (pp. 1-3).
- Li klarifye ke dokimantasyon ki verifye baz pou ranvwa a oswa transfè a dwe rete nan dosye dapre Règleman pou Transfè, Ranvwa, ak Gradyasyon ki disponib nan <http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/GraduationRequirements/default.htm> (p. 1).
- Li chanje langaj konsènan chwa paran pou pa mete timoun lan nan Kindergarten, piske timoun ki gen 5yèm anivèsè yo tonbe nan ane kalandriye admisyon lekòl oblige ale nan Kindergarten amwenske paran yo chwazi pou mete yo nan klas premye ane nan ane akademik apre a (p. 1, § II.D).
- Li ajoute ke paran yon timoun ki gen 5yèm anivèsè I nan espas ane kalandriye admisyon an kapab chwazi volontèman pou pa mete timoun yo nan Kindergarten epi chwazi pou mete li nan klas premyè ane, nan ane akademik apre a; yo ka ranvwaye yon timoun konsa epi yo dwe mete I nan klas premyè ane, nan ane apre a (p. 1, § II.D.).
- Li mete tit ajou pou reflete fason Depatman edikasyon òganize kounye a (p. 1, § II.B.).
- Li senplifye langaj la pou plis klarifikasiyon.
- Yo mete non biwo yo ajou.

REZIME

Règleman sa a ranplase Règleman Chanselye A-240 ki gen dat 5 septanm 2000 la. Li fikse règleman konsènan transfè fèmti dosye nan leta Vil Nouyòk.

ENTWODIKSYON

Depi elèv fin rantre nan yon lekòl, yo ka fèmen dosye lekòl li sèlman pou rezon ki valab, jan yo tabli I nan regleman sa a. Transfè yo fèt lè elèv yo soti nan yon lekòl oswa yon pwogram Depatman Edikasyon (Department of Education, DOE) pou ale nan yon lòt lekòl oswa yon lòt pwogram DOE. Fèmti dosye rive lè elèv kite sistèm lekòl Vil Nouyòk la. Lekòl la dwe verifye rezon pou tout fèmti dosye epi kenbe dokiman pou jistifye fèmti dosye a, tankou dokiman gradyasyon, si genyen, dapre Prensip sou Transfè, Fèmti dosye ak Gradyasyon (Transfer, Discharge, and Graduation, "TDG"), ki disponib nan

<http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/GraduationRequirements/default.htm>.

I. TRANSFÈ

- A. Yo ka fèmen dosye lekòl yon elèv si li transfere nan yon lòt lekòl oswa yon lòt pwogram Vil Nouyòk, tankou yon pwogram ekivalan lekòl segondè (GED) DOE.
- B. Yo fèmen dosye lekòl yon elèv li yo transfere nan lekòl adomisil dapre Lwa Eta a epi avèk konsantman Biwo santral lekòl adomisil *Central Office of Home Schooling*.

II. FÈMTI DOSYE

Yo ka fèmen dosye yon elèv ki nan lekòl leta nan sistèm lekòl Vil Nouyòk sèlman pou yonn nan rezon ki pi ba yo. Yo dwe mete tout dokiman fèmti dosye a nan dosye lekòl la epi pou yo rete la pou sis lane apre dat yo prevwa pou elèv la gradye a.

- A. Yo ka fèmen dosye yon elèv k ap kite Vil Nouyòk. Si elèv la toujou rete anndan Etazini an oswa nan Pòtoriko, lekòl la responsab pou l jwenn nouvo ri, adrès, vil ak eta kote elèv la al rete a, ansanm avèk dokiman alekri ki montre elèv la nan yon nouvo lekòl. Si nouvo lokal la se nan yon lòt peyi, lekòl la responsab pou li jwenn nan ki vil ak peyi elèv la ye a, ak yon deklarasyon paran elèv la ekri,¹ oswa yon estaf lekòl apwopriye sétifye, ke fanmi an ap kite Etazini. Yo dwe kenbe dokiman ki sèvi prèv yo epi mete yo nan dosye elèv la dapre pwosedi ki dekri nan Prensip TDG a.
- B. Yo ka fèmen dosye elèv yo pa ka konnen kote li ye apre envestigasyon pwofesè prezans lan oswa lòt estaf lekòl apwopriye. Fèmti dosye sa yo egzije dokiman rezulta envestigasyon yo ak apwobasyon sipèzè Field Support Center Attendance an konfòmite avèk pwosedi yo dekri nan Prensip TDG a.
- C. Yo ka fèmen dosye elèv lè yo verifye li nan yon lòt lekòl oswa pwogram ki pa sou kont DOE, tankou lekòl prive oswa lekòl pawasyal, oswa yon pwogram oswa lekòl edikasyon lakay elèv la ki pa sou kont DOE dapre rekòmandasyon pwogram endividylel elèv la (Individualized Education Program, IEP). Pou kapab fèmen dosye yon elèv pou rezon sa a, lekòl la responsab pou jwenn dokiman alekri sou enskripsiyon elèv la nan nouvo lekòl oswa pwogram lan, an konfòmite avèk pwosedi yo dekri nan Prensip TDG a.
- D. Paran yon timoun ki nan matènèl kounye a epi ki vin gen laj senk ane nan dat 31 desanm oswa avan ka chwazi retire pitit yo nan matènèl volontèman nan matènèl epi mete l nan klas 1ye ane pito nan ane akademik ki vin apre a. Yo ka fèmen dosye timoun sa yo nan matènèl epi yo dwe enskri nan klas 1ye ane pou ane apre a. Dokiman sou demann paran an pou retire timoun lan obligatwa.

¹ Tèm paran, nan règleman sa a, vle di paran oswa responsab elèv la, oswa nenpòt moun oswa ajans ki sèvi kòm paran oswa responsab elèv la.

- E. Yo ka fèmen dosye elèv lè yo fin verifye admisyon I nan yon enstitisyon rezidansyèl oswa nan yon lòt anviwònman ki pa nan distri pèsonèl DOE ap travay, tankou lokal *Office of Children and Family Services*, lopital, oswa nan enstitisyon adopsyon *foster care*, lè se yon tribinal oswa yon ajans gouvènman ki egzije plasman sa a. Lè yo fèmen yon dosye pou rezon sa a, sa dwe gen otorizasyon estaf DOE ak sipò dokiman ki pwouve sa an konfòmite avèk Prensip TDG a.
- F. Paran yon timoun ki nan prematènèl kounye a epi ki vin gen laj katran nan dat 31 desanm oswa avan ka retire timoun yo volontèman nan lekòl. Dokiman sou demann paran an pou retire timoun lan obligatwa. Anplis, elèv ki vin gen laj katran nan dat 31 desanm oswa avan epi ki absan lekòl pou 20 jou yonn dèyè lòt, yo ka fèmen dosye yo apre lekòl la fin suiv pwosedi envestigasyon ak avètsman ki apwopriye, jan yo tabli I nan Prensip TDG a.
- G. Elèv ki fini ane lekòl kote yo vin gen laj 17 lane ka kite lekòl volontèman². Elèv ki fini ane lekòl kote yo vin gen laj 17 lane epi ki pa vin lekòl pou 20 jou yonn dèyè lòt, yo ka fèmen dosye yo apre lekòl la fin suiv pwosedi envestigasyon ak avètsman ki apwopriye. Nan toude ka sa yo, lekòl yo pral suiv pwosedi ki dekri nan Fòm planifikasyon entèvyou *Planning Interview Form* an ak Manyèl Pwosedi planifikasyon entèvyou *Planning Interview Procedures Manual*. Anplis, elèv yo dwe resevwa avi alekri sou dwa yo genyen pou retounen lekòl jiskake yo gen laj 21 lane, toutotan yo poko pran yon diplòm lekòl segondè.
- H. Elèv ki gen laj 16 oswa 17 lane, yo ka fèmen dosye yo si y ap travay aplen tan lè yo gen konsantman alekri paran yo ak lè yo resevwa yon sètifika pou travay a plen tan. Elèv ki gen plis pase laj 17 lane, yo ka fèmen dosye yo lè yo fin rantre nan lame. Yo pral aplike fèmti dosye sa yo dapre pwosedi ki dekri nan *Planning Interview Form* ak nan *Planning Interview Procedures Manual*. Elèv yo dwe resevwa avi alekri sou dwa yo genyen pou retounen lekòl jiskake yo gen laj 21 lane, toutotan yo poko pran yon diplòm lekòl segondè.
- I. Yo ka fèmen dosye elèv lè yo fin enskri nan yon pwogram kolèj katran avan gradyasyon nan lekòl segondè, dapre pwosedi ki dekri nan Prensip TDG a.
- J. Yo ka fèmen dosye elèv ki gen plis pase laj 21 lane nan fen ane lekòl ki fè yo 21 lane a.
- K. Yo ka fèmen dosye elèv ki mouri lè yo fin verifye sa.
- L. Elèv ki gen andikap ka kite lekòl volontèman lè yo gen yon kalifikasyon oswa sètifica Eta Nouyòk apwouve nan fen ane lekòl ki fè yo 21 lane a oswa nenpòt lè yo ale lekòl omwen 12 lane, matènèl pa konte. Nenpòt nan elèv ki kite lekòl volontèman sa yo, yo dwe fè yo konnen alekri dwa yo genyen pou tounen lekòl jiskake yo vin gen laj 21 lane.
- M. Yo ka fèmen dosye yon elèv ki pran yon diplòm GED dapre pwosedi ki dekri nan Prensip TDG a. Yon elèv ki pran yon diplòm GED gen dwa pou rete lekòl oswa retounen pou pran yon diplòm regilye lekòl segondè jiska fen ane lekòl ki fè I 21 lane a.
- N. Yon elèv ki fini kondisyon pou li jwenn yon diplòm lekòl segondè sipoze gen dosye I fèmen an konfòmite avèk pwosedi yo dekri nan Prensip TDG a ak Gid referans règleman akademik lekòl segondè. Yo ka fèmen dosye yon elèv tou ki déjà resevwa yon diplòm lekòl segondè nan yon lekòl ki pa nan NYCDOE lè li te ladan an.

² Ane lekòl la kòmanse ofisyèlman 1ye jiyè. Si elèv yo vin gen laj 17 lane nan dat 1ye jiyè oswa apre, li obligatwa pou yo rete lekòl jis nan fen ane lekòl sa a.

- O. Elèv edikasyon jeneral lekòl segondè ki fini ane lekòl ki fè yo 17 lane a, yo ka fèmen dosye yo akoz ranwa pou konpòtman danjere oswa vyolan, apre odisyon yon sipètentandan, dapre CR A-443.

III. KESYON

Si w gen kesyon konsènan Règleman sa a, voye yo pou:

Telefòn:
212-374-6095

*Office of Safety and Youth Development
N.Y.C. Depatman edikasyon
52 Chambers Street – Room 320
New York, NY 10007*

Faks:
212-374-5751